Uzbek Scholar Journal
Volume- 02, March, 2022
www.uzbekscholar.com

# KARAKALPAK ART "ZHIRAVCHILIK" AND THE HISTORY OF ITS DEVELOPMENT

**N.P. Kudaybergenov**
**1st Year Student Of The Department Of Folklore And Ethnography.**
**Nokis Branch of the National Institute of Fine Arts and Culture of Uzbekistan**

**A. K.Utepbergenova**
**Supervisor: Ozmkomi Nokis Branch**

**ANNOTATION:**
The article presents information about the features of Karakalpak folklore, the folklore of the Karakalpak people, the content of folklore works and epics, the art of "Zhiravchilik".
The article also discusses the support of the state in the development of the art of "zhiravchi", the spiritual and aesthetic significance of folk epics, the role of Karakalpak folklore in the upbringing of a harmoniously developed personality.

**Keywords:** Zhiravchilik, bakhshi, kissakhan, folklore, epic, art, Karakalpak folklore.

**АННОТАЦИЯ:**
Мақолада қорақолпоқ халқининг халқ оғизоки ижоди жировчилик санъатининг ўзига хос хусусияти, Қорақолпоқ миллатига хос бўлган фольклор санъати, фольклор асарлари ва дастонларнинг мазмун-маъноси ва жировчилик санъати ҳақида маълуматлар берилган.
Шунингдек мақолада жировчилик санъатининг ривожланишида давлат томонидан қўллаб-қувватланиши, халқ достонларининг маънавий-эстетик аҳамияти, қорақолпоқ фольклори наъмуналари орқали баркамол комил инсонни тарбиялашдаги ўрни ҳақда сўз этилади.

**Калит сўзлар:** Жиров, бахши, қиссахон, фольклор, достон, санъат, қорақолпоқ, халқ оғзаки ижоди.

**АННОТАЦИЯ:**
В статье представлена информация об особенностях каракалпакского фольклора, фольклоре каракалпакского народа, содержании фольклорных произведений и эпосов, искусстве «Жиравчилик».

**INTRODUCTION:**

Также в статье рассматривается поддержка государства в развитии искусства «жиравчи», духовно-эстетическое значение народных эпосов, роль каракалпакского фольклора в воспитании гармонично развитой личности.
Ключевые слова: Жирав, бахши, киссахан, фольклор, эпос, искусство, каракалпакский фольклор.
Jıraw kórkem óneri insandı awızeki dóretiwshilik saz hám muzika arqalı gózzallıqqa adamgershilikke, watan súyiwshilikti, jırlap kelgen hám jaslarǵa Watandı súyiw, hadal hám hújdanlı bolıwǵa shaqıradı. Jıraw kórkem ónerine tek epostı jırlap qoymaydı, ol xalıq milliy mádeniyatınıń ózine tán ózgesheligin

sonday aq jırawlar xalqınıń ásirler dawamında muzika saz mádeniyatınıń ensiklopediyası bolıb esablanadı. Xalıq qosıqları úlgilerinde atqarıwshılar muzika hám saz ásbapları menen yamasa ásbapsız da toy dásturlerinde atqarıp kelgen. Máselen, dástanlar toy dásturlerde qobız yamasa dıwtar menen atqarılsa, qosıqlar ayrım jaǵdaylarda dıwtarsız milliy namalarda atqarılıp kelingen.[1]

Qaraqalpaq jırawshılıq kórkem ónerinıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı tariyxın alımlarımızdan M.Ayımbetov, U.Alewov, A.Allamuratov, C.Bahadirova, N.Davqaraev, K.Mambetov, K.Maqsetov, P.Palwanyazov, K,Palimbetov, A.Erejepovlar sıyaqlı alımlardıń jumısları qaraqalpaq jırawshılaıq kórkem ónerinıń milliy dástúrleri, úrip-ádetleri, saz atqarıwshılıq mektepleri hám olardan talim-tárbiya processinde paydalanıwdıń forması analiz etilgen. Usı alımlar bergen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda Soppaslı Sıpra jıraw, Dospambet jıraw, Jiyen jıraw, Qorqıt ata, Ketbuǵa jıraw, Asan qayǵı, Jiyrenshe sheshenleri qaraqalpaq jırawshılıq kórkem óner mektebiniń tiykarın salıwshılar bolǵan. Olar ozine tán mektepler jaratıp jıraw-ustazlar shejeresin duzgen.[2]

Xalıq termeleri, eposlari, dástanları qaysı tilde qanday aytilmasın, mánisi-mazmunı hám de mánisi birdey. Olardıń hár birinde mámleket hám millettiń tariyxı, milliy úrp-ádet hám dástúrleri, ruwxıy-kórkem ózgesheligi, xalıqtıń kúndelik turmısı, árzıw úmitleri, umtılıwları inám etilgen. Biraq ayriqsha atqarıw usılı hám sózleri menen parıq etedi. Xalıq qosıqları, dástanları ásirlerge jarasımlı bolıwda úles qosqan insanlar ózbeklerde «baqsı», Azerbaydjanlarda «oshig», qazaqlarda «aqın», qaraqalpaqlarda «jıraw»,-dep tilge alınadı. Jıraw - qazaq hám qaraqalpaq xalıqlarda dástan, terme dóretiwshilik etip qosıq aytıwshı xalıq shayırı. Áyyemde ulken jámiyetlik jıyınlarda, toy-merekelerde jırawlar qobız benen birge termeler jırlaǵan. Xalıq arasında úlken abıray asırǵan. Olar urıs hám alaǵada waqıtlarda ótkir sózi, tásirli termeleri menen xalıqtı birlestirip izine ertken. Jırawlar ózbek baqsılar sıyaqlı ustaz-shákirt munasábetleri tiykarında jetisip shıqqan. Qaraqalpaqlarda Yesemurat jıraw, Jiyen jıraw, Nurabulla jıraw, Shanxay jırawlar xalıq arasında keń belgili bolǵan.[3]

Shınında da, ádebyat hám kórkem óner áwladdan-áwladqa ótip, jas atqarıwshılar tárepinen keleshek áwladqa jetkerip beriledi. Mine usınday ónerledıń biri-jırawshılıq óneri esaplanadı. «Jıraw» sóziniń ózi «jır aytıw», «jır jırlaw», «danalıq sózlerdi násiyat etiw» degennen kelip shıqqan. Qaraqalpaq jıraqlarınıń shejeresinde 100 den aslam jırawlardıń bolǵanlıǵın, jırawshılıq kórem ónerinıń payda bolıwı XIV ásirde jasaǵan Soppaslı Sıpra jıraw menen baylanıstırıladı. Jırawlar shejeresinen orın alǵan Soppaslı Sıpra jıraw, Múyten jıraw, Dospanbet jıraw, Shańqay jıraw, Qıyas jıraw, Ógiz jıraw, Esemurat jıraw, Ájimurat jıraw hám basqalar óz dáwirinde hám bugingi kúnde de jas jırawlarǵa úlgi bolıp kiyatır. Qobız ásbabı iláhiy ásbap. Onıń piri Qorqıt ata esaplanıp, onıń payda bolıwı haqqında xalıq arasında ańızlar bar. Usı pirli ásbaptan «Ullı zıban», «Ayǵa shap», «Sherbeyit», «Kóz aydın», «Shańqay naması», «Jorıtıwlı», «Jan-jan» hám basqa da namalar jańlap, xalıqtıń qulaǵınıń qurıshın qandırǵan. Eń dáslepki ataqlı jırawlar eń keminde 5 dástan yadtan bilgen. Terme hám tolǵawlardı suwırıp salıp jırlay bilgen. Usınıń ózinen-aq jırawlardıń qatıqulaq adamlar bolǵanın kóriwimizge boladı.[4]

Sońǵı jıllarda jas awladtıń ruwxıy-aqılıy tarbiyasın rawajlandırıw, tálim-tárbiyanı keń kólemde aparıwda milliy muzıka kórkem ónerin úyreniw úlken kúshke iye ekenligin Prezdentimiz Sh.Mirziyoyevtıń 2019 jıl 14 maydaǵı «Baqsıshılıq kórkem ónerdi rawajlandırıw ilajları haqqında» ǵı PQ-4320-san qararda jáne onıń «Ózbek, qaraqalpaq milliy baqsıshılıq hám dástanshılıq kórkem ónerinıń kem ushıraytuǵın úlgilerin saqlap-abaylaw hám rawajlandırıw, jas awlad kewlinde bul kórkem óner túrine húrmet hám itibar sezimlerdi kúsheytiw, turli xalıqlar arasındaǵı doslıq hám awızbirshilikti bekkemlew, dóretiwshilik sheberlik, materiallıq-ruwxıy munasábetlerdi sheńberin xalıq aralıq kólemde jáne de keńeytiw» haqqındaǵı pikirlerdi bildirgen edi.[5]

Oqıwshı jaslarmızda bul sezimlerdi qáliplestiriwde ruwxıy ádep ikramlıq tálim-tárbiyanıń roli júda úlken bolıp tabıladı. Xalıqtıń jırawshlıq kórkem óneri xalıq ádebiyattıń rawajlanıwda keń dárejede óz uleslerin qosqan jırawshlıq kórkem óneri, dóretiwshiler xızmeti xalqımızdıń kóp ásirlik tariyxınıń altın betlerdi bayıtıp, oqıwshı jaslarmızǵa ruwxıy-aqılıy tálim-tárbiya beriwde óz úlesin qosıp atır. Áwladdan-áwladqa ótip kiyatırǵan xalqımızdıń baqsıshılıq hám jırawshılıq kórkem ónerin rawajlandırıw, jaslarmızda baqsıshılıq hám jırawshılıq jónelisti mektepti shólkemlestiriw sıyaqlı máselerga mámleketimizde úlken itibar qaratılıp atır. Sonı itibarǵa alıp, qaraqalpaq jırawshılıq kórkem óneriniń rawajlanıwı oqıwshı jaslardıń ruwxıy-aqılıy tárbiyasındaǵı ornın, onıń tarixiy teoriyalıq tiykarlardı, jırawshlıq kórkem óneri mekteplerdiń payda bolıwı hám rawajlanıwı tariyxın úyreniw máseleleri oqıwshı-jaslardıń ruwxıy-aqılıy tárbiyasına tásiri úlken áhmiyetke iye bolıwı sebepsiz bolıp tabıladı.[6]

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. B.Kudaybergenova. «Jirov-baxshi qo’shiqlari, qissoxonlik san’ati», O’zDSMI Xabarlari 2021-4(20)
2. Japaqov N, Mambetov K, Sultanov K,Karimov A.Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. Nókis: Qaraqalpaqstan. 1983.-342 b.
3. Ózbekstan milliy ensiklopediyasi Birinshi bet Tashkent: 2000-jıl.
4. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı». Nókis. «Qaraqalpaqstan». 1988-jıl.-B. 492.
5. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019 jıl 14 maydaǵı «Baqshichilik kórkem ónerin jánede rawajlandırıw is-ilajlarında»ǵı PQ-4320-san qararı.
6. A. Erejepov. «Qoraqalpoq jirovchilik san’ati maktabining shakillanishi va unini o’quvchi-yoshlarning ma’naviy-axloqiy tarbiyasini shakillantirishdagi urni». Nukus-2020. – 113 s.